## ФОЛЬКЛОР И ЛИТЕРАТУРА НАРОДОВ КАВКАЗА

УДК 821.352.3

DOI 10.31143/2542-212X-2021-2-154-165

# ЛИТЕРАТУРНОЕ НАСЛЕДИЕ АХМЕДХАНА НАЛОЕВА: ОСНОВНЫЕ ВЕХИ БИОГРАФИИ И ПРОБЛЕМАТИКА ТВОРЧЕСТВА

*К 100-летию со дня рождения писателя*

**Л.Б. ХАВЖОКОВА**

*Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр РАН»*
*360000, КБР, г. Нальчик, ул. Пушкина, 18*
*E-mail: lyudmila-havzhokova.86@mail.ru*

**Аннотация**. Статья посвящена исследованию жизни и литературного наследия одного из значимых творческих фигур в кабардинской литературе 60–80-х гг. XX века, определивших особенности становления и тенденции развития национальной прозы указанного периода. Актуальность заявленной темы обусловлена тем, что до настоящего времени в адыгском литературоведении нет обобщающих трудов по изучению вех биографии и комплексному анализу литературного творчества А. Налоева. Научная новизна исследования заключается в том, что в нем впервые проводится всесторонний содержательный и структурно-композиционный анализ произведений писателя, начиная от первых зарисовок в виде миниатюр и сатирических и юмористических рассказов, заканчивая более крупными жанрами – повестью и романом. Целью исследования является воссоздание полной биографической и творческой картины жизни талантливого писателя, ученого-филолога, грамотного наставника, воспитавшего целое поколение творческих деятелей и работников культуры и образования. Для достижения цели решается ряд задач, в числе основных – изучение вех биографии А. Налоева, анализ произведений, рассмотрение идейно-тематической направленности и жанрово-стилевой парадигмы творчества писателя, определение роли и места его творческого наследия в национальной литературе и в целом в культурном развитии адыгского этноса. В исследовании использованы общенаучные методы с акцентированием внимания на методе анализа, описании и обобщении. Полученные результаты имеют теоретическую значимость для дальнейшего изучения национальных литератур. Они могут стать значимым практическим подспорьем при написании различного рода исследовательских работ, а также при составлении спецкурсов в вузах и сузах.

**Ключевые слова:** Ахмедхан Налоев; кабардинская литература; проза; миниатюра; сатира; юмор; рассказ; повесть; роман; военная тематика; жанровая характеристика.

# LITERARY HERITAGE OF AHMEDKHAN NALOYEV: MAJOR MILESTONES IN BIOGRAPHY AND PROBLEMS OF CREATIVITY

*To the 100th anniversary of the birth of the writer*

**L.B. KHAVZHOKOVA**

*The Institute for the humanities research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardin-Balkar Scientific Center of the Russian Academy of Sciences»*
*360000, KBR, Nalchik, Pushkina st., 18*
*E-mail: lyudmila-havzhokova.86@mail.ru*

**Abstract.** The article is devoted to the study of the life and literary heritage of one of the significant creative figures in the Kabardian literature of the 60s – 80s. Of the twentieth century, which determined the features of the formation and development trends of national prose of the specified period. The relevance of the stated topic is due to the fact that until now in the Adygeyan literary criticism there are no generalizing works on the study of milestones in the biography and a comprehensive analysis of the literary work of A. Naloev. The scientific novelty of the research lies in the fact that for the first time a comprehensive substantive and structural-compositional analysis of the writer's works is carried out, starting from the first sketches in the form of miniatures and satirical and humorous stories, ending with larger genres – a story and a novel. The aim of the study is to recreate a complete biographical and creative picture of the life of a talented writer, philologist, educator, educator who raised a whole generation of artists and workers of culture and education. To achieve the goal, a number of tasks are solved, among the main ones – the study of the milestones of the biography of A. Naloev, the analysis of works, the consideration of the ideological and thematic orientation and the genre-style paradigm of the writer's work, determination of the role and place of his creative heritage in national literature and in general in cultural development Adyghe ethnos. The study used general scientific methods with an emphasis on the method of analysis, description and generalization. The results obtained have theoretical significance for further study of national literatures. They can become a significant practical help in writing various kinds of research papers, as well as in the preparation of special courses in universities and colleges.

**Keywords:** Akhmedkhan Naloev; Kabardian literature; prose; miniature; satire; humor; story; novelette; novel; military themes; genre characteristics.

Хышхуэр ткIуэпс-ткIуэпсурэ, мэзыр жыг зырызурэ зэрызэхэтым хуэдэу, лъэпкъ литературэр ар къэзыгъэщIа, зыухуа, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм зезыгъэужьа тхакIуэхэм я цIэмрэ абыхэм я IэдакъэщIэкIхэмкIэ зэхэтщ, языхэзми и увыпIэ щхьэхуэ щиубыдыжауэ. Къэбэрдей литературэм и тхыдэм ухэплъэмэ, нэхъыбэ зыхузэфIэкIауэ жьантIэр къэзылэжьахэм ящыщщ тхакIуэ, егъэджакIуэ, щIэныгъэлI, зауэлI хахуэ Нало Ахьмэдхъан. Дэтхэнэ тхакIуэ нэсми хуэдэу, абы и пщэ къыдэхуа къалэн нэхъыщхьэ дыдэр литературэм щигъэзэщIащ – зыми хэмыгъуащэ художественнэ дуней къигъэщIын лъэкIащ. И тхыгъэхэр зэрыщыхьэт наIуэщи, и хъэткIи, и образ гъэпсыкIэкIи, зытетхыхь IуэхугъуэкIи, сюжетыр зэриухуэ щIыкIэкIи, бзэм и Iэмалу къигъэсэбэпхэмкIи ар зэбгъэпщэн, зыхуэбгъадэ хъун нобэр къыздэсым гъуэтыгъуейщ.

*Нало Ахьмэдхъан Хьэмырзэ и къуэр* 1921 гъэм, августым и 10-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лэсчэн районым хыхьэ Старэ Урыху къуажэм

къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, 1937–1941 гъэхэм Налшык дэта педрабфакым щеджащ. 1941 гъэм пединститутым щIэтIысхьа къудейуэ, Хэку зауэшхуэр къэхъейри, фронтым кIуащ, зауэр иухыхукIи лIыгъэ зэрихьэу абы и мафIэ лыгъэм и курыкупсэм хэтащ. Налор фIы дыдэу зыцIыхуу, зи лэжьэгъуу щыта критик, литературэдж Къэжэр Хьэмид игу къызэригъэкIыжыгъамкIэ, «“зауэ” жыхуаIэр къызэрыдгурыIуэр ди армэм пэлъэщын дунейм темытурат, – жиIэжащ <…> Ахьмэдхъан. – ИкIи сыгузавэрт сынэмыс щIыкIэ ар иухыну”. АрщхьэкIэ иухакъым. ЗылI щигъэвыни абы щигъэври зылI къылъыси хищIыхьащ» [Кажаров 2008: 96]. Ар дыдэм зэритхыжамкIэ, «сентябрь мазэм (1941 гъэм. – *Хь.Л.*), биишэр къытелъалъэу къикIуэт дзэм хэхуэри, абы уIэгъэ щыхъуащ, мазитIкIи сымаджэщым щIэлъащ. ИужькIэ, Новосибирск ягъакIуэри, “Сибирскэ сталинскэ бригадэ” жыхуаIэм саперу хэтащ. Зауэми щIымахуэми щагуащIэгъуэ дыдэм (декабрым и 9-м щыщIэдзауэ мартым и 6 пщIондэ), ныбафэкIэ уэсым хэлъу, Москва псэемыблэжу бийм щызыхъума ди зауэлIхэм яхэтащ. 1942 гъэм Ленинград дэт Военно-инженернэ училищэм ягъакIуэри 1943 гъэм ар лейтенанту къиухащ. 1943 гъэм и майм Нало Ахьмэдхъан, зауэ IуэхумкIэ щIэныгъэ зригъэгъуэтауэ, фронтым Iуохьэж икIи сапер взводым, иужькIэ ротэм и командиру зыхэт дзэр хэщIыныгъэншэу япэкIэ кIуэтэнуми, къэрагъэкIуэтынуми куэдкIэ зэлъыта и IэщIагъэ псэзэпылъхьэпIэм зауэшхуэр иухыху ткIийуэ бгъэдэтщ» [Кажаров 2008: 96].

Берлин нэскIэ зи псэр нэзыхьэсу 1945 гъэм майм и 6-м рейхстагым и щыгум иувэфа зауэлI хахуэхэм Нало Ахьмэдхъани яхэтащ, ауэ занщIэу дзэ IэнатIэр къибгынакъым, атIэ и хэку къыщигъэзэжар 1946 гъэрщ. Зауэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэм папщIэ абы къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэхэщ Хэку зауэшхуэм и ордену тIу, «Александр Невскэм орденыр, Вагъуэ Плъыжьым орденыр, Совет Союзым и медалу пщыкIуплI, Польшэ Народнэ Республикэм и медалу зы.

Хэкум къигъэзэжа нэужь, Нало А. я къуажэ щызэхэта колхозым и тхьэмадэм и къуэдзэу лэжьащ, ауэ пIалъэ кIыхь къыхимыгъэкIыу, зауэм IэщIыб иригъэщIауэ щыта еджэн Iуэхум пищэжащ. ВКП(б)-м и обкомым къызэригъэпэща парткурсхэр 1947 гъэм къиухри зауэм и пэкIэ зыщIэтIысхьауэ щыта пединститутым игъэзэжащ икIи 1951 гъэм ехъулIэныгъэ иIэу ар къиухыжащ. ЩIэныгъэм хуэпабгъэ цIыху акъылыфIэр абдежми къыщызэтеувыIакъым: 1952 гъэм пединститутым къыщызэIуаха аспирантурэм япэу зи зэфIэкI щеплъыжахэм яхэтащ, ар къиухри 1956 гъэм бзэщIэныгъэмкIэ кандидат диссертацэр пхигъэкIащ. А лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ ар илъэс 50-м щIигъукIэ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и доценту лэжьащ. Егъэджэныгъэм нэмыщI нэгъуэщI Iуэху зэримыхуами, Нало А. лъэпкъым хуилэжьар мащIэтэкъым, щIалэгъуалэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ, екIуу гъэсэнымкIэ Iуэху щхьэпэ куэд зэфIихат, ауэ абы и зэчийр егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я къупхъэм ихузакъым, атIэ художественнэ литературэми къуэпс щидзащ, къыщытIэпIащ, тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ къыщызэрыкIащ.

Нало Ахьмэдхъан литературэм къыщыхыхьам, и ныбжьыр илъэс 40-м нэблэгъат, зэрыжаIэу, лIыпIэ иувакIэт, иужькIэ и тхыгъэхэм

къыщигъэлъэгъуэжа гъащIэм куэд и нэгу щIигъэкIыну къыхудэхуакIэт. Абы и тхыгъэхэр дунейм къытехьэу щыхуежьар блэкIа лIэщIыгъуэм и 50–60 гъэхэрщ. 1960 гъэм «Урыху акъужь» зыфIища япэ тхылъым рассказ 18 иту къыдэкIащ («Нет», «Къалэжь», «Босцей упIышкIуа», «Псыхьэ нанэ», «МафIэ бзий ныбжь», тхылъым фIэщыгъэ езыта «Урыху акъужь» рассказхэр, нэгъуэщI зыбжани). Абы и пэублэ псалъэм литературэдж ХьэкIуащэ Андрей мыр щитхыгъат: «Налом и рассказхэр щызэхуэхьэса тхылъ иджыщ япэу дунейм къыщытехьэри, тхылъеджэхэм абы хуащI гулъытэм къигъэлъэгъуэнщ тхакIуэм и IэкIуэлъакIуагъри и ныкъусаныгъэри» [Хакуашев 1960: 3]. ЩIэныгъэлIым зэрыжиIауэ, тхакIуэм и зэфIэкIыр «Урыху акъужь» тхылъым япэу щыбелджылауэ щытащ, нэхъыщхьэращи – ар и творчествэ къулейм щIэдзапIэ хуэхъуащ.

Нало Ахьмэдхъан и IэдакъэщIэкIхэм увыпIэ нэхъ ин дыдэ щызубыдыр зауэм теухуа прозэрщ. Нэхъ пасэу итхахэм ящыщу лъэпкъ тхылъеджэм нэхъыбэу гунэс икIи гукъинэж щыхъуащ «Псыхьэ нанэ», «Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ» (мыр иужькIэ тхакIуэм повесту къыдигъэкIыжащ) рассказхэр. А тхыгъэхэм ехьэлIауэ литературэдж, критик Сокъур Мусэрбий итхыгъащ: «Псыхьэ нанэ», «Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ» жыхуиIэ рассказхэр занщIэу гум еунтIэIуу итхащ, гъащIэм и пэж пхъашэхэмкIэ а тIури гъэнщIащ. ТхакIуэм ар къыщIехъулIар нэхъыбэу Iуэху зытетхыхьым зэрыщыгъуазэ къудейркъым, атIэ абы къыдэкIуэу псэлъэкIэм и Iэмал «щэхухэр» къызэригъуэтыфырщ. <…> «Псыхьэ нанэм» щIагъыбзэ къулей щIэлъыр зауэм и бэлыхьым цIыху гъащIэр зэрызэхикъутэм и закъуэкъым. Ахэр ягъэпсынщIэн ипIэкIэ нэхъ хьэлъэ зыщIа Iуэху мыщхьэмыпэхэми рассказым урегъэгупсыс. ЦIыхугъэ нэсым и щапхъэкIэ тхащ а рассказитIри» [Сокуров 1977: 115].

«Псыхьэ нанэ» рассказыр къэбэрдей литературэм япэу къыхыхьа психологие тхыгъэхэм языхэзщ, сюжетыр зэрыщыту зытегъэщIари абы и персонаж нэхъыщхьэ – Дэмэс Бышэ – и образым кууууэ хэухуэна психологизм лъэщырщ. Фызабэу зи гъащIэр езыхьэкIа нанэм гугъуехь куэд и нэгу щIэкIащ, ауэ и бынитIыр зыхуей хуигъэзащ, балигъ хъуху ипIащ, хэкур бэлыхь щыхэхуэм, абы и къыщхьэщыжакIуэхэм яхэту зауэ IэнатIэм Iуигъэхьащ. Тхыгъэм гупсысэ нэхъыщхьэу щIэлъыр анэм и лъагъуныгъэр зэрыгъунапкъэншэрщ. Бышэ жьы хъуами, гъащIэ хьэлъэм къарууншэ дыдэ ищIами, и быныр зауэм къикIыжыну зэрыпэплъэм къару къыхелъхьэ, ар и гурыфIыгъуэу мэпсэу. Къуэ нэхъыжьыр зауэ губгъуэм икIуадэу игъеижами, нанэр хъыбарыншэу къэт къуэ нэхъыщIэм поплъэ. Бышэ и жэщ-махуэхэр апхуэдэурэ макIуэ, зэрыгугъэм зэтриIыгъэу: «*ГугъапIэ зиIэр насыпыншэ-тIэ! Си жьыщхьэ Алыхьым сыкъиужэгъужауэ къыщIэкIынкъым*» [Налоев 1960: 107], – жеIэ и гур егъэбыдэжыри, и къуэм пэплъэу мэтIысыж. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, Бышэ и къуэр зэрыпсэур, хамэ щIыпIэ унагъуэ зэрыщыхъужар иту тхыгъэ къыIэрохьэ. Нанэр, дауикI, а хъыбарым щогуфIыкI, къуэр къыщысыжынум поплъэ… пэплъэ къудейкъым, атIэ ищIэнумрэ зэIэбынумрэ имыщIэжу псэкIэ бэлыхь хохуэ: «*Зы жэщ гуэрым Бышэ и щхьэр зыфIиудыжу нэху къекIащ. – Ар сыт телъыджэт! Дауэ сIэщIэгъупщыкIынкIэ хъуа ар?! Хьэутий къэкIуэжым хьэгъуэлIыгъуэр псы куэду зэрыхуеинур щхьэ сигу*

*къэмыкIарэ? Хьэутий къэмысыжу ар игу къызэрыкIыжам иригуфIэу, Бышэ псы къэхьын щIидзауэ мыувыIэу псы къехь иджы. Къехь нобэр къыздэсым щимыгъэтыжауэ, щыуэфIми, щыуейми, гъэмахуэми, щIымахуэми. <…> Пщэдджыжьым жьыуэ щIедзэри кIыфI къытехъуэху псы мыгъуэр къелъэф физыжьым, цIыкIу къыхуэзыхьуи щытахэм къатрихыжауэ. Псы къихьар зрикIэ хъуну яIэ псом из ищIа нэужь, япэ зрикIар урекIутыж, "хуабэ хъуащи, Хьэутий игу ирихьынкъым, ефэн хуей хъум!" – жеIэри. ИрикIутам и пIэкIи псыщIэ къехьыж»* [Налоев 1960: 111]. Апхуэдэххэурэ Бышэ псыхьэ гъуэгум тет зэпытщ, «Псыхьэ нанэ» цIэри теIукIащ… АрщхьэкIэ къуэ гущIэгъуншэм къимыгъэзэжауэ тхыгъэр еух.

«Псыхьэ нанэ» рассказыр зэрыхъур напэкIуэцI зыбжанэщ, ауэ абы и зы сатыр, и зы псалъэ къэскIэ тхакIуэм хиухуэна гуауэм и инагъыр къызэрупщытэфын пщалъэ щыIэкъым. Бышэ и гум щигъэва псор, психологие куу хэлъу, тхыгъэм IэкIуэлъакIуэу къыщыгъэлъэгъуэжащ, абы щыгъуэми къэхъуа-къэщIар е персонаж нэхъыщхьэм и гупсысэхэр, гурыгъу-гурыщIэхэр рассказым къыщетхэкIа къудейкъым, атIэ тхылъеджэм зэхимыщIэнкIэ Iэмал имыIэу бзэ шэрыуэкIэ къыщыIуэтащ. Псом хуэмыдэу гущIыхьэщ мы пычыгъуэм къыщыгъэлъэгъуар: «*Бышэ и фэр изыхыпар жэщырщ. Махуэми цIыхухэмрэ нэхумрэ зыгуэркIэ трагъэу, ауэ и закъуэу жэщым унэм къыщIэна нэужь, гупсысэм етхьэлапэ. "Сыхэжеенурэ Хьэутий къэкIуэжым куэдрэ бжэм къеуэнущ", жеIэри зимытIэщIу зегъэукIурийри гупсысэн щIедзэ, зэрыщIидзэр Хьэутий къызэрыкIуэжынурщ*» [Налоев 1960: 109].

Шэч хэмылъу, «Псыхьэ нанэ» рассказым зауэм и нэпкъыжьэ телъщ, абы и лъабжьэри а гузэвэгъуэ иным анэгум иридза уIэгъэ мыгъущыжырщ, арщхьэкIэ тхыгъэм и мыхьэнэри и щIагъыбзэри зэ еплъыгъуэкIэ узэригугъэнум нэхърэ куэдкIэ нэхъ инщ икIи куущ. КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, рассказым щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр зэпхар анэмрэ бынымрэ я зэхущытыкIэрщ, быныр сыт хуэдизу гущIэгъуншэу къыщIэмыкIми, анэм и лъагъуныгъэм зы мащIэкIи зэрыхэмыщIырщ. А лъагъуныгъэм тхакIуэм гулъытэ лей щIыхуищIми, нэхъ тегъэчыныхьауэ къыщIыхигъэщми щхьэусыгъуэ иIэщ – апхуэдэ гурыщIэ къабзэхэрщ дунейр мыкъутэжу зэтезыIыгъэри, ер щIым тепщэ щыхъуным гулъэф хуэхъури.

Къэжэр Хьэмид зэритхыгъамкIэ, «Нало Ахьмэдхъан ди литературэм къызэрыхыхьар япэ щIыкIэ фэшхуэ дыди зумыплъын гушыIэ, ауан тхыгъэ цIыкIуфэкIущ. Налом и япэ рассказхэми, ахэр щызэхуэхьэсыжа и япэ тхылъми («Урыху акъужь») абы къыкIэлъыкIуэнур зыхуэдэр ауэкъудеи къыбжаIэфынутэкъым. МыдэкIэ ущыту уриплъэ нэужькIэщ къыщыбгурыIуэнур Ахьмэдхъан ди литературэм щикIуа гъуэгуанэр узэщIа хъун щхьэкIэ абы и япэ лъэбакъуэхэм яIа мыхьэнэр» [Кажаров 2008: 98]. Мы псалъэхэм арэзы дытемыхъуэнымкIэ шэсыпIэ дизыгъэхьэ щыхьэт наIуэщ «Псыхьэ нанэ» рассказыр. Ар тхакIуэм нэхъ пасэу итхахэми, и япэ тхылъым иту къыдэкIахэми ящыщщ. Дэ дызэреплъымкIэ, рассказыр дунейм къызэрытехьэу, ар зи IэдакъэщIэкIым и зэчий инымрэ творческэ зэфIэкIымрэ сэтей къищIат, къыкIэлъыкIуэну тхыгъэхэмрэ тхылъхэмрэ нэхъыфIыжрэ нэхъыбэжкIэ уащыгугъ зэрыхъунуми и нэщэнэт.

«Урыху акъужым» къыкӀэлъыкӀуэу тхакӀуэм и ӀэдакъэщӀэкӀ нэгъуэщӀ тхылъ зыбжанэ адыгэбзэкӀи урысыбзэкӀи къыдэкӀащ: «ГушыӀэлъэ» (1963), «Къэрэгъул зэблэкӀыгъуэ» (1967), «Лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ» (1969), «Рейхстагым адыгэбзи тетщ» (1972), «Тень пламени» (1973), «Нэхущ шу» (1977), «Бжьэр къэпщӀащ» (1980), «Всадники рассвета» (1981), «Пшэплъ жыжьэхэр» (1984), «Пчелиный рой» (1988), нэгъуэщӀхэри. ТхакӀуэм и тхыгъэ къыхэхахэр томищым щызэхуэхьэсауэ 90 гъэхэм къыдэкӀащ.

Нало А. и гуащӀэ ин хэлъщ къэбэрдей прозэм рассказ жанрым кууүэ зэрызыщиужьам. Псом хуэмыдэжу лъэпкъ тхылъеджэм игу дыхьащ ищхьэкӀэ зи гугъу тщӀа «Псыхьэ нанэ»-р, апхуэдэуи – «Лъагъуэхэр, гъуэгухэр», «Жэщ ныкъуэ… илъэс тӀощӀ и ныбжьу», «Рейхстагым адыгэбзи тетщ», «Урыху акъужь» рассказ хьэлэмэтхэр. Лъэпкъ литературэм и хэлъхьэныгъэфӀщ гушыӀэ, ауан рассказхэри: «ШабашкӀэ», «Хуабэ уз», «Къуэ гъэфӀэн», «Нэ дахэм теухуа щӀэныгъэ», «Кэму», «Ди зэхуэдэ щэхущ», нэгъуэщӀхэри. «ГушыӀэлъэ» тхылъыр дунейм къыщытригъэхьэм, а лъэхъэнэм къэбэрдей литературэм щызэпцӀагъащӀэу щыта гушыӀэ, ауан жанрыр тхакӀуэм зыужьыныгъэ пыухыкӀам хуишэну хузэфӀэкӀат. Абы и гушыӀэри, ауанри егъэлеякъым, атӀэ щабэурэ, мащӀэ-мащӀэурэ цӀыхум хэлъ хьэл-щэн мыхъумыщӀэхэр сэтей къэзыщӀщ, гу зылъезыгъэтэжщ, гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэ зиӀэщ.

«ГушыӀэлъэ» тхылъым и япэ напэкӀуэцӀхэр къызэрызэӀупхыу, абы ит тхыгъэхэм уахукъуэплъыну ухунэмыс щӀыкӀэ, тхакӀуэм и пэублэ псалъэр езыр гушыӀэу къызэролъэлъ: «Псалъэпэ» фӀэщыгъэм и лъабжьэкӀэ «*Укъемыджэми къуэдыкъым*» псалъэхэр скобкэм дэту щетх. АдэкӀэ езы псалъэпэм гушыӀэ дахэрэ куэдым уезыгъэгупсыс философие куурэ щызэщӀэлъщ. Псалъэм папщӀэ, абы дыкъыщоджэ: «… мы тхылъыр “ауан цӀыкӀу лыбжьэщ”, ар зи мыхьэмышхри къремыӀусэ, и гъащӀэ лъапӀэм щыщ зэман къытесхыу зыгуэрым и гуэныхь къэсхьыну сыхуейкъым. Сэ щэхуу бжесӀэнщи, мыбы Ӏэзащэ узыщӀын щӀэныгъэ иткъым. ЩӀэныгъэ дэпӀэстхъейхэр Мичурин, Эйнштейн, Михаил Шолохов <…>, къинэмыщӀхэм я тхыгъэ феджэ, ахэр диссертацэм нэхъ сэбэп къыхуэхъунущи, мы зи дзэлыфэ теша тхылъыжь цӀыкӀум нэхърэ. СызэрыгушыӀэм щхьэкӀэ, мыбы и напэм литрэ банкӀыщхьэ ирифӀупхыкӀын нэхъ фейдэ имыӀэ къыпфӀэщӀу и напэр тумых. <…> Мы тхылъым доктор уимыщӀ щхьэкӀэ, Ӏэрыхуагъэ гуэрхэр хэлъщ езы доктор дыдэми къемылеекӀыну: доктор езэшар къеджэм, игъэдыхьэшхынущ, зэрешар щигъэгъупщэнурэ. Дыхьэшх нэхърэ нэхъыфӀ сыт щыӀэ? Узижагъуэр мыдыхьэшхыжу дунейм къытеунэ!» [Налоев 1963: 3]. Мыпхуэдэ гушыӀэ дахэкӀэ зи япэ напэкӀуэцӀхэр къызэӀукӀ тхылъым гъэщӀэгъуэн куэд итщ, ауэ ди литературэм щыщӀэщыгъуэу мыбы зы Ӏуэхугъуэм ущрохьэлӀэ – абы и кӀэухым деж гушыӀэлъэ-псалъалъэ къыщыхьащ. Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и алыфбейм тету зэкӀэлъыхьа хьэрф къэскӀэ псалъэ зыбжанэ къызэщӀаубыдэ, абыхэм я мыхьэнэр гушыӀэрэ ауанрэ хэлъу зэпкърыхащ, языныкъуэ псалъэхэм я купщӀэр убгъуауэ къызэкӀуэцӀыхащ, хъыбар кӀэщӀхэр щапхъэу зыщӀыгъуи яхэтщ, языныкъуэхэми философие куу, Ӏущыгъэ ящӀэлъщ. Псалъэм папщӀэ:

### А.

**Аркъэ.** *«Аркъэкъым», «Эркъэщ» зэрыжыIэн хуейр, ауэ зэрефэн хуейр зыми къыбжиIэнукъым, зэремыфэн хуейм фIэкI. Аркъэм зыри щытхъуркъым, псоми яуб: тхъурымбэ къаIурыхуу яубурэ я пэмкIэ къижыжыху ефи уахуозэ. Ар дэнэ къэна, лъы зыгъэжэни щыIэщ аркъэ щхьэкIэ.*

*Щапхъэ: Ди зы къуажэ шы уанэ зэтелъкIэ гъаблэ гъэм джэду кърихуэкIауэ жаIэр, къамэкIэ иукIыну: аркъэ четверт икъутат джэду насыпыншэми.*

*«Фади» жаIэ аркъэм щхьэкIэ, ауэ абы щхьэкIэ нэхъ фейдэкъым: уи унэгъуэбжэр хуегъэщIыж. «ЩIалэфI цIыкIущ» къыпхужаIэу уи япэ улахуэмкIэ ныбжьэгъу егъэфэн щIодзэри, лэжьапIэм укъыIуахуа нэужь, укъалъагъум дадзыхыурэ блокI «ныбжьэгъухэр», «пьяницэ» тыкъыр къыпкIэлъадзыж уохъу. ИтIанэ фадэр щыбгъэт мэхъу, тхьэ умыIуэуи!* [Налоев 1963: 89].

### Гъ.

**ГъащIэ!** *IэфIщ, ауэ гур къиуIэркъым. ЦIыхур «дыгъуасэ» лIэуэ, «нобэ» псэууэ, «пщэдей» къалъхуу щытам, гъащIэр къайлыжынт, сэром Iулъхьэ иратурэ ажал гъэтIылъыгъэ зи щхьэ хуэзыщIыни щыIэнт, ажалым и сурэтыр тхьэIухуду ящI хъунт художниккхэм, поэтхэм – усэ хуатхынт, зэманми зигъэгусэнти дунейр гъэпкIауэ гъуэгум къытринэнт, шы жагъыну пхэкIэ екъуу, итIанэ сыт хуэдизкIи хуэгъэпIий уэ абы кIэчан, си Iуэхут зы лъэбакъуэ пхуичыжым! Насып диIэщи, щIыбагъкIэ кIуэ гъуэгу гъащIэм иIэкъым: укъалъху, уопсэу, уолIэж: укъалъхуам бгъэзэж хъунукъым, улIами укъалъхужынукъым, ди зэманри гупэкIэ макIуэ, ди гъащIэри IэфIщ* [Налоев 1963: 90].

«ГушыIэлъэ» тхылъым ит рассказхэм цIыху хьэл-щэным и дагъуэ куэд къыщIагъэщ, абы щыгъуэми тхакIуэм щIэнэкIалъэ ищI образхэр къуажэдэсрэ къалэдэскIэ е еджарэ щIэныгъэншэкIэ зэхидзыркъым, атIэ сыт хуэдэ жылагъуэ зэхэтыкIэри зэрымыдагъуэншэр къегъэлъагъуэ. «Билэхьи, пэжым» зи фIэщыгъэ рассказым и персонаж нэхъыщхьэр тхакIуэщ, тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, и цIэр Батагешев Михаилщ, и цIапэр – Мухьэмэдщ. Мыбы и унэцIэ къудейми щIагъыбзэ щIэлъщ, адыгэбзэкIэ жыпIэмэ – Батэгъэшщ. Ар тхыгъэм и пэщIэдзэ дыдэм деж пэIу нэщэнэу къыщокIуэ, тхакIуэм зи гугъу ищIынур батэр зыгъэшхэм зэращымыщыр, ауэ езым апхуэдэу зызэрилъытэжыр къыхигъэщу. «УакъыфIэмыщIми, зигъэщIеикI» жыхуаIэм хуэдэщ Батэгъэшыр. Абы апхуэдизкIэ тхакIуэшхуэу зелъытэжри, езы Пушкин дыдэми пэувыфыну, и зэфIэкIкIи абы къыкIэрымыхуу зыкъыщохъуж. Хъыбару зэраIуэтэжымкIэ, урыс усакIуэшхуэр апхуэдизкIэ цIэрыIуэти, и пыIэр паркым кърисамэ, ар зейр ящIэрти, и унэ хуахьыжырт. Батэгъэшми абы зригъэщхьыну яужь йохьэ, икIи зы махуэ гуэрым, унэм къыхуахьыжынкIэ гугъэу, и бэлъто пIащIэр паркым кърenэ. «Си макентошыр къахьыжа?» – жиIэурэ и щхьэгъусэм еупщI пэтми, зыри къикIакъым. АрщхьэкIэ апхуэдэу Iуэхур къызэрекIуэкIыр езым и щхьэм хуихьакъым, Пушкин здынэса лъагапIэм нэмысауи и пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым. Тхыгъэм и кIэм деж Батэгъэшыр Iущыгъэшхуэу къыщыхъуж гупсысэхэм къыхуэкIуащ: «*Макентошыр къызэрамыхьыжар ди “Пушкин”*

*къыщыгурыIуэм, къэгубжьри къыщылъэтащ, халатыр зытридзэри никIукIкъикIукIыуи щIидзащ. "АтIэ сынэмысауэ пIэрэ Пушкин и инагъым?.." – И лэжьыгъэхэм яхэплъэжри Пушкин къызэрыкIэрыху хилъэгъуакъым. Мис итIанэ, чэфыжьыпкъэ щхьэкIэ, гупсэху дыдэу егупсысри тэмэм дыдэу къыгурыIуащ Iуэхур зытетыр: "Уэлэхьи, сэ Пушкин и инагъым сынэсар пцIы хэмылъу пэжым, ауэ адыгэхэр урыс народым игъащIэм зы махуэ щIэмыхьакIэ, тхьэ сIуэнщ, лIэхуи щIэмыхьэн, си макентошри яшхри зэбгрыкIыжакIэ, си Алыхьым и цIэкIэ соIуэ". Михаил хуабжьу и жагъуэ хъуащ ар "Пушкин" зэрыхъуар адыгэхэм къагуригъэIуэн зэрыхузэфIэмыкIар. Билэхьи, пэжым!».* [Налоев 1963: 81].

Зэрынэрылъагъущи, Нало А. и бзэ шэрыуэр гушыIэным къыхуигъэщIат. Языныкъуэхэм деж абы и тхыгъэхэм къыхэщ гушыIэр ауаным хуокIуэ, ар пIэскIугъэхэм щыхуэкIуэжи къыхэхуэу. Апхуэдэу щытми, тхакIуэм сэшхуэдзэу иупэмцI пIэскIугъэхэмрэ ауанхэмрэ гум занщIэу зыхасэркъым, атIэ щIагъыбзэм щIэгъэпщкIуауэ, нэхъ «гъэткIугъуафIэу» тхыгъэм къыщокIуэ. Абы къыщынэмыщIауи, щIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий пэжу гу зэрылъитащи, «Налом и персонажхэр Iэзэу зэщхьэщегъэкIыр я теплъэкIэ, я псэлъэкIэкIэ, я гупсысэкIэкIэ» [Баков 2013: 76].

ТхакIуэм и зэчийм зиужь зэпытурэ, и творческэ къарур къеблурэ къызэрыгъуэгурыкIуам и щыхьэтщ абы прозэм и жанр пIащэхэр – повестымрэ романымрэ – къызэригъэIэрыхуар.

Литературэджхэу ТIымыжь Хьэмыщэрэ Тхьэгъэзит Юрэрэ зэратхымкIэ, блэкIа лIэщIыгъуэм и «60–80 гъэхэм адыгэ лъэпкъ прозэр хэгъэщхьэхукIауэ унэтIыныгъищым тету зиужьауэ жыпIэ хъунущ: 1) зэманым къигъэув къалэн нэхъыщхьэхэр тхыдэм епхыныр (революцэм, Хэку зауэшхуэм, къалэдэс лэжьакIуэм, къуажэ гъащIэм теухуахэр); 2) цIыхум и хьэл-щэнымрэ и психологиемрэ къэгъэлъэгъуэным хущIэкъуныр; 3) эпосым и хабзэхэмрэ и жыпхъэхэмрэ зыдегъэхьэхыныр. <…> А лъэхъэнэм лъэпкъ прозэм нэхъыбэу къыхэхъуар япэ гупым хыхьэ художественнэ тхыгъэхэрщ, нэхъыбэ хъури зауэмрэ абы иужь илъэс гугъухэмрэ теухуахэрщ. Ахэр жанркIи, тхыгъэхэм къызэщIаубыдэ IуэхугъуэхэмкIи, лIыхъужьхэм я къэухькIи, я псэкупсэ дунейм и къызэIухыкIэкIи зэхуэдэкъым, ауэ псори гупсысэ нэхъыщхьэм – фIылъагъуныгъэшхуэ зыхуаIэ Хэкум шынагъуэ къыщылъысым деж, зылI и быну хузэщIэтэджэн зэрыхуейм зэрешалIэ» [Тимижев, Тхагазитов 2013: 240–241]. ЩIэныгъэлIхэм я еплъыкIэр щIэзыгъэбыдэщ Нало А. и тхыгъэхэу къыхагъэща лъэхъэнэм дунейм къытехьахэр – «Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ», «Пшэплъ жыжьэхэр» повестхэр, «Нэхущ шу», «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу» романхэр.

Хэку зауэшхуэм теухуауэ Нало А. итха тхыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуар езым и нэгу щIэкIащ. Тхыгъэ пIащэхэм я жыпхъэм нэмыс щIыкIи, тхакIуэм и рассказхэмрэ новеллэхэмрэ («Лъагъуэхэр, гъуэгухэр», «Рейхстагым адыгэбзи тетщ», «Жэщ ныкъуэ… илъэс тIощI и ныбжьу», н.) зауэм и хабзэ ткIийхэр ипэжыпIэкIэ къыщиIуэтат. «Лъагъуэхэр, гъуэгухэр» рассказым зауэм и мафIэ лыгъэм хэхуа сэлэтым и пщэ къыдэхуэ къалэн хьэлъэхэр къыщыгъэлъэгъуащ, ар зэрыхуэ щытыкIэ гугъусыгъухэмрэ зауэлIым игу щыщIэ-щыхъэхэмрэ я сурэт

IупщI тхыгъэм къыпкърыщащ: «... *абы куэд елъагъу, куэд и фэ докI. Абы елъагъу зыми имылъагъу, зэхехыр зыми зэхимых, ешэчыр зыми имышэч, щIишэчыр ищIэжмэ, и насыпщ. ЯтIэр, шэдыр, уэсыр и унапIэщ. Iэщэу зэрахьэмкIэ яукIыну къалъыхъуэ. Езыми иукIыну къелъыхъуэ. Къигъуэтын – зыкъримыгъэгъуэтын, иукIын – зримыгъэукIын – аращ сэлэтым и къалэныр. Ауэ ар къалэнышхуэщ, акъылышхуэщ, лIыгъэшхуэщ! Дэнэ а къалэныр къыздикIар? Унафэщ, хабзэщ. Хабзэщи, анэм и лъэпагъым къуэр хегъэкIри шынелым кIуэцIешыхьри окопэ шэдым хедзэ абы щыпсэуну, щызэуэну, щылIэжыну. НысащIэр къыщIенэри щауэщIэр окопэ щIыIэм щодыкъ, и фыз и гупэ хамэ имыгъэгъуэлъыну. Сабий быныр къызэхенэри адэр Iуохьэ зэуапIэм – бынунэр унэIут имыщIыну. Хабзэщ. ЦIыхухэм я унафэщ, я хабзэщ. Псыр ипщэкIэ дэжейркъым, атIэ ищхъэрэкIэ йожэх, аращ хабзэр. Хабзэщ дыгъэр къыкъуэкIрэ къухьэжу, цIыхуми я хабзэщ я хэку, я жылэ, я анэр, я унэр бийм ирамыту яхъумэжу*» [Налоев 1969: 25].

АдэкIэ езы тхакIуэм и творчествэм зиужьыху, зауэм ехьэлIа темэми абы зыщибгъуащ. Рассказхэм я нэхъыбэм зэрыщыхабзэу, «Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ», «Пшэплъ жыжьэхэр» повестхэми лъабжьэ яхуэхъуар Хэку зауэшхуэрщ. НэгъуэщI тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм къыщхьэщагъэкIыу а тхыгъэхэм зы щхьэхуэныгъэ яхэлъщ – абыхэм зауэр мафIэ лыгъэм хэтам и нэкIэ къыщыгъэлъэгъуэжащ. Апхуэдэ гузэвэгъуэр зи нэгу щIэкIыу, ар зи тхыгъэхэм художественнэ Iэзагъ ин хэлъу щызыIуэтэжыфа тхакIуэхэм я бжыгъэр зэрымащIэр къэплъытэмэ, Нало Ахьмэдхъан лъэпкъ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэм и инагъымрэ щилэжьам и мыхьэнэмрэ наIуэ мэхъу. Къэжэр Хь. и еплъыкIэмкIэ, «псынщIэрыпсалъэ-щхьэфэтегъэжу мыхъуу, гъэхуауэ Хэку зауэшхуэм и пэжыр ди бзэкIэ къэзыIуэтэну зыхузэфIэкIар тхакIуитIщ: КIыщокъуэ Алимрэ Нало Ахьмэдхъанрэ» [Кажаров 2008: 92–93]. Критикым зи цIэ къриIуахэм Къардэн Бубэ ябгъурыбгъэувэжмэ, зи гугъу ищIыр нэхъ нэщIыса мэхъу.

Налом и повеститIым адыгэ литературэм, нэхъ тегъэчыныхьауэ жыпIэмэ, зауэр къызыхэщыж лъэпкъ прозэм увыпIэ хэха щаубыдащ. ЩIэныгъэлI Гъут Iэдэм пэжу гу зэрылъитащи, «“Къэрэгъул зэблэкIыгъуэр” <...> жанр нэпкъыжьэкIэ повестым къыфIокIри романым и теплъэхэр иIэ мэхъу» [Гутов 2013: 191]. Романым зэрыщыхабзэу, мы тхыгъэм пIалъэ кIыхь къызэщIеубыдэ (зауэ лъэхъэнэмрэ зауэр иуха нэужь иджыри илъэс 15-м щIигъурэ), и образ системэр убгъуащ, и сюжетым щIыпIэ куэдым зыщеукъуэдий. Тхыгъэр мыин дыдэми, абы щызэхэухуэна философие гупсысэхэр къуэпсыбэщ икIи куущ. «Псыхьэ нанэ» рассказым хуэдэу, мыри психологизм лъэщкIэ псыхьащ. Зи гугъу тщIым и щапхъэ куэд повестым хэбгъуэтэнущ, ауэ нэхъ гущIыхьэ дыдэр мафIэгум ису зауэм къикIыж Мыщэ зыкъищIэжу и лъакъуэхэр зэрыпымытыжыр къыщищIэм, абы и псэм щыщIар тхыгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуарщ: «*Мыщэ и щхьэм лъы дэуеящ, и нэр къыщипхъуащ, и тхьэкIумэр щиубыдыкIащ, и нэжьгъуитIым къыщеуэ лъынтхуитIыр къызэгуэудыну къэпщащ, зыри къыгурыIуэжыркъыми, мафIэгум и тепкIэ макъымрэ и щхьэ ундэрэбжьамрэ зэхыхьэжауэ зэхэтщ, мафIэгум и тепкIэ макъыр и щхьэ бэгам бэрэбанэ макъыу къоIукI: “дыргу-дыргу, дыр-гъыпс,*

*дыгъ-дыргъ, зы, тIу, щы!..” И гурыгъуазэ хъуа IуэхущIэри абы къыхохьэжри тепкIэ макъым мыхьэнэ гуэр къызэрыкI псалъэухакIэ зызэредзэкI: “Уэ ухэт? Уэ усыт? Уэ ухэт? Уэ усыт? Куэ упыт? Куэ упыт? Куэ упыт? – Упымыт, упымыт, упымыт, упымыт!..”*» [Налоев 1980: 44]. АдэкIэ психологизмри, тхыгъэм щIэлъ драматизмри щIэхуабжьэурэ макIуэ. Мыпхуэдэ сатырхэм укъыщеджэкIэ, Мыщэ гущIэгъу хуэпщI къудейкъым, атIэ гъащIэм кууэ урегъэгупсыс, лIыхъужым и псэм гузэвэгъуэу къылъысар тхылъеджэм и тэмакъым гуауэу къыщIохьэри, бэуэгъуей ещI: «*МафIэгури дихьэхауэ топкIэр. “Сэ сыхэт? Уэ ухэт? Уэ усыт? Уэ усыт?..”. “Уэ усыт?” “Пэж дыдэу сысыт сэ? Сысыт сэ иджы?..” – сыцIыху хьэмэ сыхьэдэ? Си ныкъуэр щIалъхьащ, си адрей ныкъуэр дэнэ здашэр… Сыт ар зэрысщIыну къыщIеслъэфэкIыр?..*» [Налоев 1980: 44–45]. Мыпхуэдэ щытыкIэ гугъум къикIыфын щыIэу фIэщ щIыгъуейт, ауэ Чыл Мыщэ зауэлI хахуэт, и Iэпкълъэпкъ къэтми, и гур лIыхъужьыгъэкIэ псыхьат: «*… лIо сышынэжауэ, сыдзыхауэ ара? Лъакъуэ зыпымытыжхэр псэуркъэ! <…> СызауэлI сэ хьэмэ сысыт! Сыпсэунщ зауэм и нэхейкIэ!*» [Налоев 1980: 46], – жеIэри зызэтреубыдэж абы. Мыщэ хуэдэ защIэу хахуэщ, лIыхъужьщ, псэемыблэжщ Налом и тхыгъэхэм къыщигъэщIа образхэм я нэхъыбэр, нэхъыщхьэжыращи – ахэр езым и нэгу щIэкIа гъащIэм къыхихащ, языныкъуэхэми езым и прототипу уэзыгъэлъытэ нэщэнэ гуэрхэр ядыболъагъу.

КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, «Къэрэгъул зэблэкIыгъуэм» щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр повестым и фIэщыгъэм гуэхыпIэ имыIэу епхащ. ТхакIуэм къытхуиIуэтэну зыхэтыр дунейр чэзууэ къызэрекIуэкIырщ, абы ери фIыри пIалъэншэу икIи мардэншэу зэрыщызэблэкIырщ, зауэр мамырыгъэкIэ зэрихъуэжырщ, зы гъащIэм и пIэ нэгъуэщI гъащIэ къызэриувэрщ.

Тхыгъэр зэрытха бзэри «дагъуэншэщ» хужыпIэн хуэдизу шэрыуэщ. Персонажхэм бзэ зырызыххэ зэраIурылъым нэмыщI, дунейм и дахагъэр, щIыуэпсым и щытыкIэр къызыхэщ образ къэIуэтэкIэ екIуми ущрохьэлIэ.

«Пшэплъ жыжьэхэр» повестри зытеухуар Хэку зауэшхуэрщ. Тхыгъэр Iыхьэ-Iыхьэурэ зэхэтщ, ауэ ахэр псори зауэ IэнатIэм зэдыIута, зэдэзэуа зэныбжьэгъу гупым я гукъэкIыжхэмкIэ зэпхыжащ. Гъут I. пэжу къызэрыхигъэщащи, «повестым увыпIэшхуэ щеубыд къэзыIуэтэжым – ар, дауи, зыкъомкIэ езы авторым къытещIыкIыжа образщ – и гупсысэхэм, игу щыщIэхэм, и нэгу щIэрыщIэу щIэкIыжхэм. Абы и гурыгъухэр ущие гъуэщэкъым, атIэ зи акъыл тIыса, куэд зыгъэунэхуа цIыху Iущым и гущIэм къыщыхъуа гухэлъхэщ, литературэм и хабзэ дахэкIэ узэдыжауэ» [Гутов 2013: 193].

Лъэпкъ критикэри литературэ щIэныгъэри арэзы зэрытехъуащи, Налом и повеститIыр жанрым и зыужьыныгъэм и дежкIэ нэхъ мыхьэнэ ин зиIэу а лъэхъэнэм – XX лIэщIыгъуэм и 60–80 гъэхэм – дунейм къытехьа тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщщ. «Ди прозэм фIыуэ щыгъуазэ дэтхэнэм и дежкIи гурыIуэгъуэщ Нало Ахьмэдхъан и тхыгъэ нэхъ пIащэхэр (псом хуэмыдэжу «Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ», «Пшэплъ жыжьэхэр» повестхэр, «Нэхущ шу» романыр) лIыпIэ зэриувэрэ куэд щIа, Iэзагъышхуи зыбгъэдэлъ тхакIуэм зэриIэдакъэщIэкIыр, – итхыгъащ Къэжэр Хьэмид. – Ауэ апхуэдэ зэфIэкIым и щIыбагъ къыдэтыр зы махуэ лэжьыгъэкъым. Абы ухуэзышэ гъуэгур кIыхьщ,

икIи дэгъэзеигъуэ зэпыту гугъусыгъущ, щхьэх е къикIуэтыж ауэкъудеи хэмызагъэу» [Кажаров 2008: 100]. ПсэхупIи, къэгъази имыIэу, зэгуэр хиша литературэ лъагъуэми димыдзыхыу, зауэ IэнатIэми хуэдэу, псэемыблэжу тхэн IэнатIэм пэрыта тхакIуэ нэст Нало Ахьмэдхъан. Зи гугъу тщIа и IэдакъэщIэкIхэм нэмыщIкIи, жытIам и щыхьэт наIуэщ абы и романитIыр – «Нэхущ шумрэ», «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIумрэ».

«Нэхущ шу» романым лъабжьэ хуэхъуа тхыдэ къэхъугъэшхуэр адыгэ литературэм щыщIэщIыгъуэт, нэхъапэкIэ зы тхакIуэми къызэкIуэцIимыхауэ, «темэ гъэбыда» жыхуаIэхэм ящыщт. Налом ар щIиджыкIыу, тхылъеджэм и пащхьэм ирилъхьа къудейкъым, атIэ адыгэ шуудзэм урыс-япон зауэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэр художественнэ бзэ дахэкIэ къиIуэтэжащ. Романым и мыхьэнэмрэ абы лъэпкъ литературэм щиубыда увыпIэмрэ критикэмрэ литературэ щIэныгъэмрэ гулъытэ хуащIащ, ар адыгэ щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэ ину зэрыщытыр нобэкIэ убзыхуа хъуащ. Абы къыхэкIкIэ, романым щхьэхуэу дыкъытеувыIэркъым, апхуэдэ тхыгъэм къэхутэныгъэ щхьэхуэ хуэфащэщ.

Нало Ахьмэдхъан и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ къызэщIэпкъуэжмэ, къыхэгъэщыпхъэщ ар тхакIуэ нэсу, цIыху акъылыфIэу, егъэджакIуэ Iэзэу, щIэныгъэлIу зэрыщытам къыдэкIуэуи, зауэлIу, хэкулIу, къызыхэкIа лъэпкъми къэралми я хьэкъ къытемынэу, псэемыблэжу хуэлажьэ цIыху гуащIафIэу зэрыщытар. IущыгъэкIэ гъэнщIа абы и тхыгъэхэр нобэкIи лъэпкъыр зэрыгъуэзэн, щIэблэр зыщIэппIыкIын щапхъэ екIущ.

## ИСТОЧНИКИ И ЛИТЕРАТУРА

Баков 2013 – *Баков Х.И.* Юмор и сатира в адыгской литературе [на каб.-черк. яз.: Адыгэ литературэ: гушыIэмрэ ауанымрэ]. – Нальчик: Издательский отдел КБИГИ, 2013. – 183 с.

Гутов 2013 – *Гутов А.М.* Становление и развитие повести [на каб.-черк. яз.: Повестым и зыужьыкIэмрэ и тхыдэмрэ] // История адыгской (кабардино-черкесской) литературы. Т. II. – Нальчик: ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 года», 2013. – С. 161–205.

Кажаров 2008 – *Кажаров Х.Х.* Истоки поэзии [на каб.-черк. яз.: Уэрэд щIаусыр]: Литературные портреты, эссе. Нальчик: Эльбрус, 2008. – 264 с.

Налоев 1960 – *Налоев А.Х.* Ветер Уруха [на каб.-черк. яз.: Урыху акъужь]: Рассказы – Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1960. – 120 с.

Налоев 1963 – *Налоев А.Х.* Юмористический словарь [на каб.-черк. яз.: ГушыIэлъэ]. – Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1963. – 96 с.

Налоев 1969 – *Налоев А.Х.* Пути, дороги [на каб.-черк. яз.: Лъагъуэхэр, гъуэгухэр]. – Нальчик: Эльбрус, 1969. – 168 с.

Налоев 1980 – *Налоев А.Х.* Пчелиный рой: Повесть, рассказы [на каб.-черк. яз.: Бжьэр къэпщIащ: Повесть, рассказхэр]. – Нальчик: Эльбрус, 1980. – 454 с.

Сокуров 1977 – *Сокуров М.Г.* Поступь литературы [на каб.-черк. яз.: Литературэм и бэкъуэкIэ]. – Нальчик: Эльбрус, 1977. – 256 с.

Тимижев, Тхагазитов 2013 – *Тимижев Х.Т., Тхагазитов Ю.М.* Роман и его разновидности [на каб.-черк. яз.: Романымрэ абы и лIэужьыгъуэхэмрэ] // История адыгской (кабардино-черкесской) литературы. Т. II. – Нальчик: ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 года», 2013. – С. 206–266.

Хакуашев 1960 – Хакуашев А.Х. Для писателя [на каб.-черк. яз.: ТхакIуэм папщIэ] // Налоев А.Х. Ветер с Уруха: Рассказы. – Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1960. – С. 3.

## REFERENCES

BAKOV Kh.I. *Yumor i satira v adygskoj literature* [Humor and satire in the Circassian literature]. – Nalchik: Publishing Department of KBIGI, 2013. – 183 p. (In Kabardin-Circassian)

GUTOV A.M. *Stanovlenie i razvitie povesti* [Formation and development of the story]. IN: *Istoriya adygskoi (kabardino-cherkesskoi) literatury. T. II* [History of the Adyghe (Kabardino-Circassian) literature. Vol. II]. – Nalchik: State Enterprise KBR "Republican Polygraphic Plant named after Revolution of 1905 ", 2013. – P. 161–205. (In Kabardin-Circassian)

KAZHAROV Kh.Kh. *Istoki poezii* [The origins of poetry: Literary portraits, essays]. – Nalchik: Elbrus, 2008. – 264 p. (In Kabardin-Circassian)

KHAKUASHEV A.Kh. *Dlya avtora* [For the author]. IN: NALOEV A.Kh. *Veter s Urukha: Rasskazy* [Wind of Urukh: Novels]. – Nalchik: Kabardino-Balkarian book publishing house, 1960. – P. 3. (In Kabardin-Circassian)

NALOEV A.Kh. *Pchelinyj roj: Povest', rasskazy* [Bee swarm: Novel, stories]. – Nalchik: Elbrus, 1980. – 454 p. (In Kabardin-Circassian)

NALOEV A.Kh. *Puti, dorogi* [Ways, roads]. – Nalchik: Elbrus, 1969. – 168 p. (In Kabardin-Circassian)

NALOEV A.Kh. *Veter s Urukha: Rasskazy* [Wind of Urukh: Novels]. – Nalchik: Kabardino-Balkarian book publishing house, 1960. – 120 p. (In Kabardin-Circassian)

NALOEV A.Kh. *Yumoristicheskij slovar'* [A humorous dictionary]. – Nalchik: Kabardino-Balkarian Book Publishing House, 1963. – 96 p. (In Kabardin-Circassian)

SOKUROV M.G. *Postup' literatury* [Literature tread]. – Nalchik: Elbrus, 1977. – 256 p. (In Kabardin-Circassian)

TIMIZHEV Kh.T., TKHAGAZITOV Yu.M. *Roman i ego raznovidnosti* [The novel and its varieties]. IN: *Istoriya adygskoi (kabardino-cherkesskoi) literatury. T. II* [History of the Adyghe (Kabardino-Circassian) literature. Vol. II]. – Nalchik: State Enterprise KBR "Republican polygraphic plant named after Revolution of 1905", 2013. – P. 206–266. (In Kabardin-Circassian)